

Ing sabanjuré ki lan nyi Buyut tansah dadi paran pitakonané para kulawarga, anak putu lan para anđahané, ing bab sarat saranané supaya cepak rejekiné, akèh begjané, sempulur sanđang pangané. Ing đukuh kono banjur diarani đukuh Asri-Katon.

S. Probohardjono, Crita Naluri lan  
Kapracayaning Rakyat  
(in: Almenak Dèwi Sri 1971, Yogyakarta).

49

WANITA UTAMA  
(lagu kroncong)

Đasar wanita utama mbangun turut pituturing rama ibu,  
Ra ngowahi tata-cara senadyan ta jaman maju.

Đasar wanita utama yèn sinawang gandes luwes sak-solahé,  
Menganggo sarwa prasaja nanging dadi lan pantesé.

Tata-cara iku pusakaning bangsa,  
Tata-krama gawé ajining sarira.

Đasar wanita utama tansah bisa agawé reseping kalbu,  
Muga dadia tulada candraning wanita tuhu.

S. Dharmanto